



BENEFIS ASISTANS CHOMAJ PANDAN PANDEMI A (PUA)

Benefis PUA

Asistans Chomaj pou Moun ki Pa Kalifye pou
Benefis Chomaj Regilye yo

Prezantasyon rapid:

Nan dat 27 mas 2020, CARES Act te siyen tounen yon lwa, ki gen ladann Lwa konsènan Soulajman pou Travayè ki Afekte akòz Kowonaviris (Relief for Workers Affected by Coronavirus Act) la. Seksyon 2102 nan Lwa CARES la te kreye yon nouvo pwogram federal tanporè ki rele Asistans Chomaj pandan Pandemi a (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) ki anjeneral bay jiska 39 semèn benefis chomaj pou moun ki pa kalifye pou lòt tip chomaj. Lwa CARES Act la kreye tou yon nouvo pwogram federal tanporè ki rele Asistans Chomaj Federal pandan Pandemi (Federal Pandemic Unemployment Assistance, FPUC) ki peye benefis \$600 pa semèn anplis pou moun ki kalifye pou PUA.

Kondisyon pou Kalifye:

PUA peye benefis chomaj pou moun ki pa kapab travay poutèt yon rezon ki gen pou wè ak COVID-19, men ki pa kalifye pou benefis chomaj regilye oubyen pwolonje. Pou kapab kalifye, moun yo dwe kapab travay epi yo dwe disponib pou travay konfòmman ak lwa Eta a.

Moun k ap resevwa benefis PUA yo detèmine ki kalifye pou FPUC pral resevwa yon peman benefis \$600 anplis pou semèn yo ki fini nan dat 4 avril 2020 jiska 25 jiyè 2020.

Fason pou Aplike:

Travayè Massachusetts yo pral kapab ranpli yon aplikasyon pou PUA lè yo ale nan <https://ui-cares-act.mass.gov/PUA/>. Aplikan yo dwe prezante enfòmasyon ki annapre yo:

- Nimewo Sekirite sosyal ou an
- Si ou pa sitwayen Etazini, nimewo USCIS A-number ou an
- Adrès rezidansyèl ou
- Adrès pou kourye lapès (si se pa menm ak adrès rezidansyèl ou)
- Nimewo telefòn ou
- Imèl ou
- Dat nesans ou
- Dosye salè ou te touche an 2019, ki gen ladann:
 - Fòm 1099 yo
 - Bout chèk salè yo
 - Relve kont labank yo
- Nimewo sekirite sosyal (yo) ak dat nesans pitit ou(yo) ki depandan
- Si ou vle itilize virman dirèk pou peman, bay nimewo kont labank ou an ak nimewo woutaj (routing number) la.

Aprè ou fin aplike:

Tout aplikasyon ki aksepte yo pral touche nan kòmansman montan benefis minimòm pa semèn, plis yon lòt \$600 benefis FPUC chak semèn anplis. Kou yo fin verifye salè yon travayè, montan benefis pa semèn yo gendwa ogmante. Benefis chak semèn yo, tankou nenpòt ogmantasyon nan montan benefis chak semèn ou an, pral kòmansman nan yon dat ki fè bak nan semèn 8 fevriye 2020, oubyen nan dat lè ou te pèdi travay ou, sa ki te rive an dènye pami 2 bagay sa yo, toutotan ou pa t kapab travay pou yon rezon ki gen pou wè ak COVID-19.

Tanpri sonje ke, nan kòmansman, sistèm la kapab peye benefis sèlman nan yon dat ki fè bak nan semèn ki fini 14 mas 2020. Pi devan, travayè ki elijib yo pral kapab sètifye pou touche benefis yo, epi y ap kapab mande benefis yo apatide yon dat ki pase deja rive nan semèn ki fini 8 fevriye 2020, si dat chomaj yo fè yo kalifye.

Kontestasyon yo:**Prezante yon Kontestasyon kont yon detèminasyon ki pa final**

Si DUA detèmine ou pa kalifye pou resevwa benefis Asistans Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) a, ou pral resevwa yon diskalifikasyon elektwonikman. Ou pral kapab konteste diskalifikasyon an; pou fè sa, 1) klike sou “I want to appeal” (Mwen vle fè yon kontestasyon) ki sou avi a; oubyen 2) mande yon kontestasyon opre yon reprezantan sant dapèl nan telefòn.

Ou dwe fè kontestasyon an nan 30 jou sivil apre dat diskalifikasyon an.

Li enpòtan pou w patisipe nan kèlkeswa odyans ki pwograme, paske pandan odyans lan, yo pral pran yon nouvo desizyon konsènan kalifikasyon w.

Si ou p ap travay toujou pandan w ap tann odyans la, ou dwe kontinye mande peman pou benefis chak semèn. Menmsi yo kase premye desizyon inisyalye la, ou p ap resevwa peman benefis yo pou tout semèn yo ou pa t mande benefis yo.

Odyans yo

Lè Depatman Odyans yo resevwa kontestasyon an, yo pral pwograme li pou analize l nan yon odyans epi ou pral resevwa yon avi ki endike dat ak akilè. Jiskaske biwo DUA yo louvri ankò pou piblik la, yo pral òganize odyans yo nan telefòn sèlman.

Se egzaminatè revizyon dosye ki pral òganize odyans yo. Aprè odyans la, egzaminatè dosye a pral bay yon desizyon alekri ki baze sou dokiman ak enfòmasyon ki te prezante pandan odyans la.

Konsèy Revizyon Dosye (Board of Review) Depatman Asistans Chomaj la

Si w pa dakò ak desizyon egzaminatè revizyon dosye a, ou gen 30 jou sivil aprè dat yo te poste desizyon sa a pou prezante yon kontestasyon devan Konsèy Revizyon Dosye a.

Si Konsèy Revizyon Dosye a aksepte revwa dosye a, li pral pran yon desizyon dapre prèv ak dokiman ki nan dosye li resevwa nan men Depatman Kontestasyon an, sa ki gen ladann tou anrejistremant odyans la. Lè Konsèy Revizyon Dosye a pwomilge yon desizyon, li bay enstriksyon osijè fason pou konteste desizyon an devan Tribinal Distri Boston an oubyen Tribinal Minisipal Boston an. Ou kapab fè yon kontestasyon tou devan Tribinal Distri oubyen Tribinal Minisipal Boston an si Konsèy Revizyon Dosye a refize aksepte revwa dosye a. Ou pral gen trant (30) jou apatide dat yo te poste desizyon Konsèy la oswa apatide desizyon refi Konsèy la pou revwa dosye a, pou w prezante yon kontestasyon devan yon tribinal.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Konsèy Revizyon Dosye a, al gade nan www.mass.gov/dua/bor. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou prezante yon kontestasyon devan yon tribinal, tankou kikote ou ta dwe prezante demann ou, swa nan Tribinal Distri a oswa nan Tribinal Minisipal Boston la, al gade nan Lwa Jeneral Massachusetts yo, Chapit 151A, Seksyon 42.

Dwa ou genyen pou yon moun defann enterè w

Si ou vle yon moun defann enterè w nan nenpòt nivo kontestasyon an, li enpòtan pou w òganize yon moun pou defann ou, rapid jan sa posib. Yon ajan otorize ou chwazi oumenm, tankou yon avoka oubyen yon defansè, gendwa defann ka w nan nenpòt nivo kontestasyon desizyon ajans la. Kontakte asosyasyon bawo lokal ou an oubyen yon òganizasyon sèvis jiridik defans ka moun pou jwenn asistans. DUA pa kapab rekòmande ni nonmen okenn moun pou reprezante w.

Kesyon Moun Poze Souvan:

Q. Èske Lwa CARES Act la ofri benefis bay travayè ki pa t kalifye pou benefis regilye oswa beenfis pwolonje jiska prezan?

A. Wi. Lwa CARES Act ofri yon pwogram ki apa benefis chomaj regilye yo. Nouvo pwogram sa a, Asistans Chomaj Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) a, pwolonje kalifikasyon moun yo ki:

- travay pou kont yo, ki gen ladann travayè ki touche pou chak pèfòmans, travayè endepandan ak kontraktè endepandan yo;
- k ap chèche travay tan pasyèl (pattaym);
- gen yon istwa travay ki pa kont pou yo ka kalifye pou benefis;

- te fini tout dwa yo genyen pou resevwa benefis regilye oswa pwolonje dapre lwa Eta oswa federal la oubyen dapre Konpansasyon pou Chomaj pandan Ijans Pandemi (Pandemic Emergency Unemployment Compensation, PEUC);
- te pèdi travay yo nan egliz ak enstitisyon relijyèz epi ki pa kalifye pou benefis dapre lwa Eta a; oswa
- sinon pa kalifye pou benefis regilye oswa pwolonje oubyen pou Konpansasyon pou Chomaj pandan Ijans Pandemi (Pandemic Emergency Unemployment Compensation, PEUC)

Q. Kisa travayè sa yo dwe pwouve pou yo kapab kalifye pou benefis?

A. Moun yo dwe prezante yon “oto-sètifikasyon” ki di ke yo kapab epi disponib pou travay, men yo pa kapab fè sa poutèt youn nan sikonstans ki annapre yo ki gen pou wè ak COVID-19:

- Moun lan te resevwa dyagnostik COVID-19 oubyen li gen sentòm COVID-19 epi l ap chèche jwenn yon dyagnostik; oswa
- Yon fanmi nan kay moun lan te resevwa dyagnostik pozitif pou COVID-19; oswa
- Moun lan ap swen yon gwoup moun nan yon kay oswa yon fanmi kit e resevwa dyagnostik pozitif pou COVID-19; oswa
- Yon timoun oswa yon lòt fanmi moun lan gen responsabilite prensipal pou ba li swen, ki pa kapab frekante lekòl oubyen yon lòt etablisman poutèt COVID-19; oswa
- Moun lan pa kapab rive nan travay li poutèt yon karantèn ki enpoze akòz ijans sante piblik COVID-19 la; oubyen
- Moun lan pa kapab rive nan travay li paske yon founisè swen sante te konseye li pou li plase tèt li an karantèn; oubyen
- Moun lan te pwograme pou kòmanse travay epi li pa gen travay oubyen li pa kapab rive nan travay li akòz COVID-19; oubyen
- Moun lan te tounen moun ki sipòte tout moun nan kay la oswa ki founi sipò finansye prensipal la paske chef kay la mouri akòz COVID-19; oubyen
- Moun lan kite travay li akòz COVID-19; oubyen
- Travay moun lan fèmen akòz COVID-19; oubyen
- Moun lan travay kòm yon kontraktyèl endepandan epi ijans sante piblik COVID-19 la te limite anpil kapasite li pou kontinye fè aktivite travay nòmal li, ki te fòse moun lan sispann aktivite li yo.

Q. Dapre ki sikonstans èske travayè yo pa kalifye pou Asistans pou Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA)?

A. Moun ki kapab travay a distans k ap touche salè yo epi moun k ap resevwa konje peye oubyen nenpòt lòt konje, p ap kalifye pou PUA. Moun k ap resevwa konje peye pou maladi oswa lòt benefis pou konje peye pou yon montan ki mwens pase semèn travay nòmal yo, sepandan, gendwa kapab kalifye pou PUA.

Q. Ki semèn Asistans pou Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) la pral garanti?

A. Li pral aplikab pou semèn chomaj ki kòmanse nan dat 2/2/20 oswa apresa epi ki fini nan dat 26/12/20.

Q. Konbyen semèn maksimòm yon moun ki kalifye pou Asistans pou Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) a kapab resevwa benefis?

A. Yon moun kapab resevwa benefis pou 39 semèn maksimòm, ki gen ladann UI regilye ak benefis pwolonje dapre nenpòt lwa federal oswa Eta a, menmsi yo gendwa ajoute semèn benefis pwolonje pi devan. Epitou, pa gen nesesite pou tann yon semèn.

Q. Konbyen lajan benefis mwen pral resevwa?

A. Kantite benefis PUA ou pral resevwa baze sou revni ou te eklare anvan yo. Benefis PUA yo pa ka plis pase to benefis maksimòm pou yon semèn Eta a fikse pou benefis chomaj regilye yo, ki se \$823.00 nan Massachusetts.

Tout moun ki resevwa PUA pral resevwa \$600 chak semèn tou nan men Konpansasyon Federal pou Chomaj pandan Pandemi (Federal Pandemic Unemployment Compensation, FPUC), anplis de benefis chak semèn, jan sa kalkile anlè a. Moun yo pral kalifye pou resevwa peman FPUC pou semèn yo ki fini nan dat 4 avril 2020 jiska 25 jiyè 2020.

Q. Yo bese kantite ètan travay mwen yo. Èske mwen kapab touche benefis dapre PUA?

A. Si w ap travay mwens èdtan akòz COVID-19 epi sitiyasyon an fè ke ou pèdi nan lajan ou konn touche a, epi ou pa kalifye pou beenfis chomaj regilye yo, ou gendwa kalifye pou PUA.

Q. M ap travay pou tèt mwen antanke travayè endepandan epi revni ak èdtan travay mwen yo te bese anpil akòz COVID-19. Èske mwen kalifye pou PUA?

A. Travayè endepandan yo, kontraktè endepandan yo oswa travayè ki touche pou yon pèfòmans ki te oblije kanpe travay yo akòz COVID-19, oubyen travay yo te bese anpil, gendwa kalifye pou PUA. Nan sitiyasyon kote yon moun gen revni pasyèl, li dwe deklare revni li touche a, epi mont benefis chak semèn yo gendwa bese.

Q. Mwen se yon pwopriyetè yon ti konpayi. Èske mwen kalifye pou PUA?

A. Ou gendwa kalifye pou PUA si sous revni prensipal ou an se nan travay ou fè a pou pwòp biznis ou an oswa travay ou fè nan pwòp eksplwatasyon agrikòl ou an.

Q. Mwen poko janm travay anvan sa. Èske mwen kalifye pou PUA?

A. Ou gendwa kalifye pou PUA menmsi ou pa t janm travay anvan sa **epi**

- yo te pwograme pou w kòmanse travay epi ou pa gen travay oubyen ou pa kapab rive nan travay la dirèkteman poutèt ijans sante piblik COVID-19 la; **OUBYEN**
- yo te anile òf travay ou an akòz COVID-19; **OUBYEN**
- ou tounen moun ki sipòte tout moun nan kay la oswa ki founi sipò finansye prensipal la paske chef kay la mouri akòz COVID-19.

Q. Si mwen kalifye pou (oswa m ap resevwa kounye a) benefis pou chomaj regilye, èske mwen ta dwe aplike pou Asistans pou Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA)?

A. Non. Benefis PUA pa pou moun ki kalifye pou benefis chomaj regilye yo.

Q. Kijan mwen kapab detèmine si mwen ta dwe aplike pou benefis chomaj regilye oubyen pou Asistans Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) a?

A. Si ou reponn “wi” pou nenpò nan kesyon sa yo, ou ta dwe depoze yon reklamasyon anpremye pou benefis chomaj regilye pou wè si w kalifye anvan pou w prezante yon reklamasyon pou benefis PUA:

1. Èske ou te touche plis pase \$5100.00 an 2019, pandan ou t ap travay pou yon anplwayè ki te retire taks sou chèk salè w?
2. Èske ou te touche plis pase \$5100.00 an 2019 pandan ou t ap travay pou Administrasyon Federal oubyen nan lame?
3. Èske w kalifye pou, oswa w ap resevwa benefis nan men lòt pwogram asirans chomaj tankou benefis chomaj regilye, Prim pou Re-ajisteman Komès (Trade Readjustment Allowances, TRA), benefis Asistans Chomaj pou Dezas (Disaster Unemployment Assistance) akòz yon dezast ki rive anvan sa oubyen benefis WorkShare?
4. Èske ou te travay nan yon lòt Eta anplis ke ou t ap travay nan Massachusetts an 2019?
5. Si ou depoze yon reklamasyon pou asistans chomaj pandan 52 semèn ki sot pase yo, èske ou te tounen travay oubyen sispann touche benefis yo anvan ou te reklame tout benefis yo ki disponib pou reklamasyon sa a?

Q. Si mwen te deja aplike pou chomaj, èske mwen ta dwe aplike tou pou PUA?

A. Non, ou pa ta dwe aplike pou benefis sa a si ou gen yon aplikasyon pou chomaj yo poko fin travay sou li. Si ou te aplike epi ou pa t kalifye oubyen yo te ba w refi pou benefis chomaj regilye yo, alòs ou ta dwe aplike pou PUA si ou p ap travay akòz COVID-19. Si ou kalifye oubyen w ap resevwa benefis chomaj regilye, ou pa gendwa aplike epi ou p ap kalifye pou benefis sa a.

Q. Si mwen pa bay enfòmasyon presi sou aplikasyon mwen an, èske mwen pral dwe peye benefis mwen resevwa yo?

A. Wi. Menmjan ak pou reklamasyon chomaj yo, ou oblije bay enfòmasyon ki presi oubyen w ap sibi sanksyon, tankou refi pou ba w benefis ak repeman benefis. Si ou fè ekspres pou bay enfòmasyon ki pa bon oubyen si ou pa bay enfòmasyon y ap mande a, yo ka pousuiv ou devan yon tribinal penal.

Q. Èske m ap gen pou peye taks federal ak Eta a sou benefis mwen resevwa yo?

A. Wi, tout benefis PUA ak FPUC plwaye devan lwa fiskal Massachusetts ak federal yo konsènan peman taks.

Q. Mwen t ap travay pou kont mwen, oubyen mwen te yon travayè ki touche pou chak pèfòmans, epi mwen pa t resevwa okenn chèk salè regilye. Kijan mwen kapab kalkile revni mwen an pou mwen kapab ranpli aplikasyon pou PUA an?

A. Moun toujou itilize dive dokiman ou kalkile revni yo, sa ki gen ladann W-2 yo, 1099 yo, deklarasyon taks yo, bout chèk yo, resi labank yo ak avi faktirasyon yo. Se pou tout moun kenbe tout dokiman ki etabli revni yo pou yo kapab bay prèv revni yo.